

## NÒT POU LAPRÈS

**“ObNH swete popilasyon an montre l pi responsab nan itilizasyon medya nimerik yo”**  
Pòtoprens, 21 novanm 2018

Obsèvatwa Nimerik an Ayiti (ObNH) gen gwo kè sote lè l konstate itilizasyon san kontwòl nouvo medya yo, sitou rezo sosyal yo, nan piblikasyon kontni miltimedya, ki gen konsekans, yon bò, sou lavi prive, yon lòt bò, sou respè libète moun.

Se ak anpil lapèn ObNH konstate yon bon valè entènòt, epi menm enstitisyon tou, antre nan pataje san rete, granmesi medya nimerik yo, imaj chokan, san respè pou valè etik ak moral yo.

ObNH vle raple itilizatè yo, kèlkeswa kontèks la, itilizasyon zouti ak aplikasyon nimerik yo dwe konsidere, avan tout bagay, respè diyite ak dwa moun, mete sou lòt prensip ki kapab ede n pran chemen yon sosyete responsab.

ObNH kwè se bon moman pou l fè aktè enstitisyonèl ki konsène yo, sitou, aktè akademik yo, òganizasyon sosyete sivil la ak lòt enstitisyon piblik yo, sonje, se responsablite nou tout, pou miltipliye inisyativ ki gen objektif fòme itilizatè yo sou risk ak konsekans nimerik la.

Obsèvatwa Nimerik an Ayiti (ObNH) ap pwofite mande tout popilasyon an pou l gen yon konpòtman ki pi reflechi, pandan l ap konsidere an premye respè valè yo nan itilizasyon nouvo medya yo ak entènèt.



Max Guybert LYRON  
Sekretè jeneral

